

13 me 2020

Chè Fanmi Lekòl Piblik Boston:

Apati mwa sa a, chak fanmi Lekòl Piblik Boston (BPS) ap resevwa èd finansye pou manje akòz pandemi virus COVID-19 la. Fon sa yo (kòb sa yo) disponib anba yon nouvo pwogram ki rele «Pandemic EBT» (Transfè Benefis Elektwonik pou Pandemi a) oswa P-EBT.

Pandanke Lekòl Piblik Boston ap bay tout elèv repa manje gratis, chak timoun Lekòl Piblik Boston kalifye pou yo resevwa fon P-EBT yo. **W ap resevwa 5,70\$ pou chak timoun ki eljib**, chak jou, pou chak jou ke lekòl fèmen akòz pandemi a, otremandi 28,50\$ chak semèn.

Si w pa genyen yon kat EBT nan moman sa a, w ap **resevwa yon kat P-EBT nan bwat postal ou, nan mwa me a, sou adrès kay ki anrejistre nan dosye lekòl pitit ou a**. Chak timoun nan kay la ki enskri nan Lekòl Piblik Boston ap resevwa yon kat P-EBT disten. Si w genyen yon kat EBT nan moman sa a, y ap ajoute kòb sou kont ou a. Kat la valab pou en an, epi ou kapab itilize fon yo pou w achte manje nan magazen kote yo asepte benefis SNAP ("food stamp") (chèche siy ki di, "We accept EBT here" ki vle di: "nou asepte EBT isi a"). Fanmi yo pa oblije itilize kòb P-EBT yo. Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou sit entènèt: www.MAp-EBT.org oubyen kontakte food@boston.gov.

ENPÒTAN: Itilizasyon kat P-EBT w la p ap afekte w ni l p ap afekte estati imigrasyon pitit ou. Regleman sou afè chay piblik pa aplikab nan pwogram sa a.

Si w pa resevwa okenn fon (okenn kòb) rive mitan mwa me, oubyen si ou genyen kèk kesyon, tanpri rele liy dirèk "FoodSource" "Project Bread" la nan nimewo telefòn 800-645-8333. Liy dirèk FoodSource la ouvè pou tout moun ki rezide nan eta Massachusetts, epi l bay sipò nan 160 lang. Rele nimewo 800-645-8333 pou w konn kòman ou kapab jwenn sipò anplis pou manje pou fanmi w nan moman sa a.

Vil Boston ap bay [fanmi yo repa manje gratis](#) chak jou pandan lasemèn, nan 65 lokal toupatou nan vil la. [Lekòl Piblik Boston genyen 17 lokal](#) k ap genyen manje maten ak manje midi gratis moun kapab pase pran lendi jiska vandredi, ant 8:30 e 11:30 dimaten. Ou kapab sèvi ak kat P-EBT a epitou an menm tan kontinye pase pran manje nan lokal sa yo.

Tanpri kontinye pratike distansyasyon sosyal pou pwoteksyon w epi mete yon bagay pou kouvri figi w lòske w soti deyò. Ale sou sit entènèt bostonpublicschools.org/coronavirus pou w jwenn plis resous ak nouvèl. Nou konnen ke nou nan yon peryòd difisil e nou la pou n ede w. Gwo defi sa a va rann kominote nou an vin pi solid pandanke n ap kontinye travay ansanm.

Pòte w byen e rete an bòn sante.



Doktè Brenda Cassellius
Sipèentandan